

Monnen Vityèl

Ou gen kesyon konsènan monnen vityèl? Ale sou IRS.gov



IRS la sèvi ak tèm “monnen vityèl” pou li pale de plizyè kalite monnen vityèl yo itilize kòm yon mwayen pou fè echanj, tankou monnen nimerik ak kriptomonnen. Kèlkeswa etikèt yo mete sou li a, si yon byen patikilye genyen karakteristik monnen vityèl, y ap trete li antanke monnen vityèl pou sa ki gen pou wè ak taks sou revni federal.

Deklarasyon sou tranzaksyon monnen vityèl



Lè ou vann, fè echanj, oswa itilize monnen vityèl pou peye pwodwi oswa sèvis, oswa, nan yon lòt bò, ou posede monnen vityèl, ou dwe deklare sa bay IRS la. Pou plis enfòmasyon sou byen kapital, gen kapital, ak pèt kapital, gade **Piblikasyon 544, Vant ak Lòt Pasasyon Byen (an anglè)**.



Konsève Dosye W

Ou dwe kenbe dosye ki genyen resi, vant, echanj oswa lòt posesyon monnen vityèl ak valè monnen vityèl la sou mache a.

Vizite paj monnen vityèl la sou IRS.gov pou plis enfòmasyon.